# Ɵzbekstan Respublikasında xızmet kórsetken sanaat xızmetkeri Allamuratov Jańabay qaytıs boldı

Image not found or type unknown

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi deputatı, Ɵzbekstan Respublikasında xızmet kórsetken sanaat xızmetkeri Allamuratov Jańabay qaytıs boldı.

Allamuratov Jańabay 1937-jılı 4-mayda Shomanay rayonında tuwılǵan. 1960-jılı Oraylıq Aziya politexnika institutın tamamlaǵan. Miynet jolın 1960-1961 jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi janındaǵı jámiyetlik xojalıqlarda awıl xojalıǵı qurılısı basqarması texnika járdemi byurosınıń aǵa injeneri hám bas injeneri bolıp islewden baslaǵan.

1961-1964 jıllarda 166-sanlı qurılıs tresti 1-sanlı qurılıs basqarmasınıń qurılıs ustası, 1964-1968 jıllarda 166-sanlı qurılıs tresti prorabı, aǵa prorabı, bólim baslıǵı, 2-sanlı qurılıs basqarması baslıǵı bolıp xızmet etken.

1970-jılda "Wztransmaxsusqurilish" tresti 129-sanlı QMQ baslıǵı,

1970-1973 jıllarda Qaraqalpaqstan wálayat partiya komiteti instruktorı bolǵan.

1973-jıldan 2003-jılǵa shekem "Qaraqalpaqgaz" respublika basqarması baslıǵı lawazımında jumıs alıp barǵan.

Allamuratov Jańabay 1979-jılda Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken qurılısshı, 2000-jılda Ɵzbekstan Respublikasında xızmet kórsetken sanaat xızmetkeri mámleketlik sıylıqları menen, sonday-aq birinshi dárejeli «Mehnat faxriysi» kókirek belgisi menen sıylıqlanǵan.

Allamuratov Jańabay óziniń derlik 60 jıllıq miynet jolı dawamında óziniń bay bilim hám tájiriybesi, joqarı ruwxıy pazıyletleri menen xalqımız hám Watanımızǵa xızmet etti.

Xalqımızdıń súyikli perzenti, keńpeyil hám pidayı insan Allamuratov Jańabaydıń shańaraǵına, jaqınlarına tereń qayǵırıw menen kewil aytamız.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi